



# Plan Premier Dental TWU Local 100



Pou jwenn lis ki pi ajou pou dantis patisipan yo, konekte sou pòtay pou manm ou an nan [my.emblemhealth.com](http://my.emblemhealth.com) epi seleksyone “Find Care” (jwenn swen). Si w gen nenpòt kesyon, rele nimewo Sèvis Kliyan ki sou kat ID w la epi fè nou konnen sa.

## Plan Premier Dental TWU Local 100

Plan dantè sa a ba w bon kalite kouvèti ansanm avèk aksè nan plis pase 13,500\* dantis ak espesyalis rezo nan Nouyòk ak Noujèze. Ou ka chwazi yon dantis oswa yon espesyalis pou sèvis ki kouvari yo nan plan w lan. Ou pa oblige chwazi yon dantis swen jeneral byen presi. Avantaj yo disponib pou sèvis ki kouvari ki resevwa nan men founisè deyò rezo a, men anjeneral w ap peye plis pou sèvis yo deyò rezo a.

**Kouvèti Depandan:** Avèk plan dantè sa a, ou ka garanti timoun ou yo jiska fen mwa kote yo vin gen 26 lane a. Timoun yo ka garanti pou sèvis Òtodontik depi yo kòmanse tretman an anvan fen mwa kote yo vin gen laj 26 lane a.

**Predetèminasyon Avantaj yo:** EmblemHealth ka fè w konnen ki sèvis ak materyo dantè ki pral peye anvan ou kòmanse tretman an. Ou ka mande dantis ou a pou l voye yon Plan Tretman bay EmblemHealth anvan ou fè operasyon nan bouch, pwotèz, oswa aparèy. EmblemHealth ap egzamine Plan Tretman an epi l ap ba ou menm ak dantis ou a yon estimasyon sou sa ki garanti.

**Tanpri, konnen:** Predetèminasyon Avantaj yo pa obligatwa, men li rekòmande atoutfòs.

### Sa ki annapre la yo se kèk egzanp pou sèvis ki pa garanti yo:

- Operasyon ak tretman estetik sof si se operasyon rekonstriksyon akòz chòk, enfeksyon, oswa maladi nan pati ki konsène a.
- Medikaman ak pwodui medikal sou preskripsyon.
- Sèvis ak aparèy pou tretman malfonksyònman atikilasyon tanpowomandibilè (Temporomandibular Joint, TMJ).
- Transplantasyon.

**Maksimòm Anyèl:** \$2,000 yon moun / \$4,000 fanmi. Sa se montan dola maksimòm plan dantè w la pral peye pandan ane plan w lan. Ou responsab peye tout frè ki depase maksimòm anyèl la. Sèvis enplan ak sèvis òtodonti pa depann de maksimòm anyèl sa a.

**Maksimòm Òtodonti pou tout lavi:** \$4,000 Nan rezo a; \$2,000 Andeyò rezo a. Sa se montan dola maksimòm(yo) plan dantè w la pral peye pou sèvis òtodontik pou chak moun pou dire lavi. Ou responsab peye tout frè ki depase maksimòm pou tout lavi a. Avantaj òtodonti disponib sèlman pou timoun ki kouvari yo ki gen mwens pase 26 lane.

**Enplan:** EmblemHealth kouvri sèvis enplan pou yon dan pou dire lavi pou chak peryòd 12 mwa. Kouvèti enplan ak sèvis asosye dirèkteman pandan pwosedi enplan an (pa egzanp pilye, kouwòn, grèf zo, elatriye...) ke yon founisè patisipan fè pa depann de dola anyèl maksimòm plan an. Pou sèvis deyò rezo a, yo pral ranbouse manm yo selon barèm ranbousman founisè ki pa patisipan (nonpar) epi yo pral sibi faktirasyon balans nan men founisè a. Yon maksimòm \$1,000 pou chak peryòd 12 mwa sou baz mwa pa mwa ap aplike pou sèvis enplan deyò rezo a.

AVANTAJ YO	NAN REZO A	ANDEYÒ REZO A
<b>Tip A – Sèvis pou Prevansyon ak Dyagnostik</b>		
<b>Nivo Kouvèti Debaz</b>	<b>EmblemHealth pral peye 100% Barèm Aloksyon Preferred Premier la pou sèvis ki garanti yo lè w wè yon Dantis oswa Espesyalis Preferred Premier.</b>	<b>EmblemHealth ap peye 100% lis frè Spectrum pou sèvis ki garanti yo. Sa se montan an dola plan ou a te aksepte pou l peye pou sèvis ki garanti yo. Ou responsab pou peye diferans ant sa EmblemHealth peye a epi sa dantis la fè peye a.</b>
<b>Egzamen</b> – 2 egzamen regilye pou chak moun ki sou plan an pou chak ane sivil. 1 egzamen konplè pou chak dantis, pou tout dire lavi.		
<b>Pwofilaksi (Netwayaj)</b> – Pwofilaksi se detatraj, netwayaj, ak polisaj dan yo. 2 pou chak moun ki nan plan an pou chak ane kalandriye.		
<b>Radyografi</b> – 4 radyografi entèpwoksimal pou chak moun ki nan plan an pou chak ane sivil.	<b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo.	<b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b>
Si limit avantaj la depase epi yon kouch nesesè pou rezon medikal avan operasyon pou fè dyagnostik maladi oswa blesi dantè: <ul style="list-style-type: none"> <li>1 seri konplè radyografi bouch oswa 1 kouch panoramik pou chak moun nan plan an yon fwa chak 3 zan.</li> <li>1 kouch panoramik siplemantè chak 3 zan si se yon chirijyen oral ki fè l.</li> <li>1 kouch entèpwoksimal anplis pou dan dèyè, oswa 1 periapikal anplis chak sivil si se yon espesyalis ki fè l.</li> </ul> Ou responsab pou peye tout kouch siplemantè ki plis pase avantaj odepwa ak siplemantè a.		

**REMAK:** Sa se pa yon konparezon konplè avantaj yo ni yon kontra epi li dwe konsidere sèlman kòm yon rezime kout pou ede w konprann Pwogram avantaj EmblemHealth sa a. Gen yon deskripsiyon avantaj yo an detay, ansanm avèk limit ak esklizyon yo, nan Sètifikasi Asirans lan. Tèm, kondisyon, limit, ak esklizyon ki endike nan Sètifikasi Asirans la ap gen priyорите.

AVANTAJ YO	NAN REZO A	ANDEYÒ REZO A
<b>Tip A – Sèvis pou Prevansyon ak Dyagnostik (Swit)</b>		
<p><b>Tretman ak Fliyò</b> – 1 pou chak moun ki nan plan an pou chak ane sivil. Pou timoun yo, avantaj sa a aplike jiska fen mwa kote yo vin gen laj 26 lane a.</p> <p><b>Aparèy pou Kenbe Espas yo</b> – 1 pou chak timoun ki nan plan an pou tout dire lavi. Kouvèti an bay jiska fen mwa kote timoun lan vin gen 26 lane a.</p> <p><b>Pwotèj Dan Atletik ak Oklizal</b> – Yon (1) pwotèj dan pou tout dire lavi pou chak timoun ki garanti jiska laj 26 lane nan fen mwa. Pwoteksyon oklizal yo ka garanti pou manm ak depandan ki kalifye (yo), otorizasyon davans egzijib.</p> <p><b>Mastik</b> – Yon (1) mastik pou chak dan ki garanti chak twa (3) ane sivil pou chak timoun ki garanti laj 6 lane jiska dat nesans 14 lane.</p>	<p><b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo</p>	<p><b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b></p>
<b>Tip B – Sèvis Debaz</b>		
<b>Nivo Kouvèti Debaz</b>	<p>EmblemHealth pral peye 100% Barèm Alokasyon Preferred Premier la pou sèvis ki garanti yo lè w wè yon Dantis oswa Espesyalis Preferred Premier.</p>	<p>EmblemHealth ap peye 100% lis frè Spectrum pou sèvis ki garanti yo. Sa se montan an dola plan ou a te aksepte pou l peye pou sèvis ki garanti yo. Ou responsab pou peye diferans ant sa EmblemHealth peye a epi sa dantis la fè peye a.</p>
<b>Ekstraksyon Senp</b>	<p><b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo.</p>	<p><b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b></p>
<b>Restorasyon Debaz (Plonbaj)</b>		
<b>Andodonti (tretman kanal radikilè)</b>		
<ul style="list-style-type: none"> <li>Pilpotomi garanti yon fwa pou chak dan, pou tout dire lavi. Kwafaj pilp garanti nan kad rasin radikilè.</li> </ul>		
<b>Pawodonti (tretman maladi nan jansiv ak machwè)</b>	<p><b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo.</p>	<p><b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>5 tretman pawodontal pou chak moun ki nan plan an pou chak ane sivil, ansanm ak twa (3) pwosedi antretyen pawodontal, epi yon tretman siplemantè si li nesesè pou rezon medikal.</li> <li>1 tip operasyon pawodontal ak/oswa 1 grèf pou chak kadran.</li> </ul>		
<b>Operasyon nan bouch (ekstraksyon chirijikal yon dan ki soti)</b>		
<ul style="list-style-type: none"> <li>Plan w lan ap peye pou radyografi ki pran pou operasyon an, anestezi lokal, ak pou swen apre operasyon.</li> <li>Plan w lan ap peye pou operasyon sou machwè fraktire, enpaksyon, blesi nan bouch ak toutotou bouch, epi re-enplantasyon.</li> <li>Kèk tip operasyon oral ka garanti nan kad plan medikal ou, se pa plan dantè sa a.</li> </ul>		
<b>Anestezi ak Sedasyon IV</b> – Plan w lan ap peye pou anestezi jeneral ak sedasyon IV pou sèvis ki garanti yo. Frè pou anestezi lokal yo fè pati alokasyon pou pwosedi dantè a. Pa gen alokasyon separe pou anestezi lokal. Plan w lan p ap peye pou aparèy analjezi ak siveyans.		
<b>Sèvis Palyatif (soulajman doulè)</b>		
<ul style="list-style-type: none"> <li>Sèvis pou ijans yo garanti</li> </ul>		

AVANTAJ YO	NAN REZO A	ANDEYÒ REZO A
<b>Tip B – Sèvis Debaz (Swit)</b>		
<b>Reparasyon Aparèy</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>Ranplasman dan kase oswa kwochè, resimantasyon enplan, kouwòn, pon, ak aparè pou kenbe espas. Ranplasman revètman ki kase.</li> </ul> <b>Tès ak Egzamen Laboratwa</b> – Byopsi ak egzamen an tisi oral.	<b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo.	<b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b>
<b>Tip C – Gwo Sèvis</b>		
<b>Nivo Kouvèti Debaz</b> <p><b>Enplan</b> – Yon (1) enplan chirijikal ak sèvis asosye pou chak peryòd kontini douz mwa ki kòmanse nan dat premye tretman an. Yon (1) enplan chirijikal pou chak dan pou dire lavi.</p> <p><b>Pwotèz fiks ak detachab</b> – Fo dan ni tanporè ni pèmanan, fo dan pasyèl fiks ak detachab, reparasyon konplè oswa pasyèl.</p> <p><b>Restorasyon Majè</b> – Gen ladan l kouwòn, pwosedi apre operasyon ak debaz ki asosye yo, epi enplan.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Plan ou a ap peye pou ranplasman oswa chanjman aparèy yo sèlman apre 5 ane pase depi yo te mete aparèy yo.</li> <li>Plan ou a ap peye pou kouwòn oswa pon pou attachman oswa bouk sèlman si dan an pa kapab retabli ak plonbjaj.</li> <li>Lè yo mete yon pon fiks ak yon fo dan pasyèl nan menm ak la, plan w la ap peye sèlman pou fo dan pasyèl la sòf si 5 ane te pase depi ensèsyon presedan pon fiks oswa fo dan pasyèl la.</li> <li>Pa gen alokasyon separe pou sèvis oswa aparèy tanporè.</li> <li>Plan ou a ap peye pou pilye yo sèlman si gen prèv rasin radikilè nan dan an.</li> <li>Frè pou simantasyon kouwòn/enplan yo fè pati alokasyon pou kouwòn/enplan an.</li> </ul>	<b>EmblemHealth pral peye 100% Barèm Alokasyon Preferred Premier la pou sèvis ki garanti yo lè w wè yon Dantis oswa Espesyalis Preferred Premier.</b>	<b>EmblemHealth ap peye 100% lis frè Spectrum pou sèvis ki garanti yo. Sa se montan an dola plan ou a te aksepte pou l peye pou sèvis ki garanti yo. Ou responsab pou peye diferans ant sa EmblemHealth peye a epi sa dantis la fè peye a.</b>
<p><b>Tip D - Òtodonti</b></p> <p><b>Nivo Kouvèti Debaz Òtodontik</b></p> <p>Jiska vennkat (24) mwa tretman garanti, jiska alokasyon avantaj maksimòm pou tout dire lavi a ki gen ladan yon (1) aparèy pou kenbe anwo ak youn (1) anba apre tretman pòs-òtodontik.</p>	<b>Garanti</b> Ou pa oblige peye pou sèvis ki garanti sa yo.	<b>Ou ka oblige peye yon pati nan bòdwo w la. Gade anwo a pou jwenn detay yo.</b>
		<b>Garanti jiska \$2,000 avantaj maksimòm pou tout dire lavi pou sèvis ki garanti yo.</b> Ou responsab pou peye diferans ant sa EmblemHealth peye a epi sa dantis la fè peye a.

Garanti pa EmblemHealth Plan, Inc., al gade nan fòm kontra asirans EHPI-PLD-1103, ak lòt.

EmblemHealth Plan, Inc., EmblemHealth Insurance Company, LLC, ak Health Insurance Plan of Greater New York (HIP) se konpayi EmblemHealth yo ye. EmblemHealth Services Company, LLC ofri sèvis administratif pou konpayi EmblemHealth yo.